

Tès COVID-19 Lakay

Tès dyagnostik COVID-19 lakay la (yo rele li tou tès pou fè poukont ou) pèmèt kèk oswa tout pati nan pwosesis tès la fèt lakay. Avèk sèten tès lakay, ou fè yon prelevman nan nen ou oswa nan krache ou epi ou voye li nan laboratwa. Gen lòt tès ki kite ou teste prelevman an poukont ou, epi rezilta yo disponib apre kèk minit.

Si ou bezwen fè tès COVID-19 epi ou pa gen pwofesyonèl swen sante ki ka fè tès la pou ou, ou kapab konsidere tès I. **Sonje:** Rezilta tès lakay yo gen dwa pa akseptab pou sèten objektif, tankou egzijans tès pou lekòl, travay oswa vwayaj yo.

Konsèy pou Fè Tès Lakay

- Li enstriksyon fabrikan an byen epi revize nenpòt videyo fabrikan an bay sou enstriksyon yo anliy **avan** ou kòmanse tès la.
- Swiv enstriksyon fabrikan an byen. Si ou pa kolekte echantiyon, jere oswa konsève li ezakteman jan sa ekri nan enstriksyon yo, rezilta tès ou a gendwa pa kòrèk.
- Anvan ak apre tès la, lave men ou avèk savon ak dlo epi dezenfekte tab la oswa lòt sifas kote w ap fè tès la.
- Pa ouvè twous tès yo toutotan ou pa pare pou kòmanse. Verifye dat ekspirasyon an. Pa sèvi ak tès ekspire ni ak eleman tès ki donmaje oswa dekolore.
- Li rezilta tès la nan delè ki ekri nan enstriksyon fabrikan an. Yon rezilta ou li anva oswa apre delè yo ba ou a gen dwa pa kòrèk.
- Pa resèvi ak twous tès yo ni ak eleman yo.

Entèpretasyon Rezilta Tès yo

Tès lakay la gen dwa mwen presi pase tès pwofesyonèl medikal yo fè yo. Poutèt sa, gen lè kote ou dwe fè swivi avèk pwofesyonèl swen ou a epi fè aranjman pou yon lòt tès COVID-19 pou konfime rezilta tès lakay ou a (yon tès konfimasyon, tankou tès molekilè [PCR] oswa antijèn). Pou ou jwenn plis enfòmasyon, konsilte tablo ki nan paj annapre a.

Resous Anplis yo

- Aprann sou opsyon tretman pou COVID-19 yo nan **nyc.gov/health/covidtreatments**. Tretman yo mache pi byen plis ou kòmanse yo pi bonè – rele pwofesyonèl swen ou touswit si ou teste pozitif.
- Si tès COVID-19 ou a pozitif oswa si ou te ekspoze, NYC Test & Trace Corps kapab ofri resous pou ede ou separe ak lòt moun yo nan yon chanm otèl gratis oswa lakay ou. Rele 212-268-4319 epi chwazi opsyon 5 lan apre ou fin chwazi lang ou oswa vizite **nyhealthandhospitals.org/test-and-trace**.
- Pou plis enfòmasyon sou tès COVID-19 lakay, gen ladan videyo sou kijan pou itilize ak entèprete twous tès pou fè lakay ou poukont ou yo, vizite **cdc.gov** epi chèche "**Self-Testing**" (Tès poukont ou).

- Pou enfòmasyon sou karantèn ak izòlman, vizite [nyc.gov/preventcovid](https://www.nyc.gov/preventcovid) epi klike sou "**COVID-19: Understanding Quarantine and Isolation**" (COVID-19: Konprann Karantèn ak Izòlman).
- Pou plis enfòmasyon sou tèss COVID-19 yo, vizite [nyc.gov/health/coronavirus](https://www.nyc.gov/health/coronavirus) epi klike sou **Tèss**. Pou ou jwenn yon sit tèss, anpil ladan yo gratis, vizite [nyc.gov/covidtest](https://www.nyc.gov/covidtest).

Rezilta Tèss Lakay		Sa Pou ou Fè
Si tèss ou a pozitif		Rete lakay ou (ilzole tèt ou) pandan 10 jou, rele pwofesyonèl swen pou ou diskite sou opsyon tretman yo, epi enfòmè kontak pwòch ou ¹ yo dekwa pou yo kapab fè karantèn, si sa nesèsè, epi fè tèss. Pwofesyonèl swen ou gendwa sijere pou ou fè yon tèss konfimasyon.
Si tèss ou a negatif	Si ou gen sentòm ² COVID-19	Izole tèt ou epi fè yon tèss konfimasyon.
	Si ou te resamen gen kontak avèk yon moun ki gen COVID-19 e ou pa gen sentòm	Si ou pa vaksinen nèt , ³ fè karantèn pandan 10 jou. Ou gendwa fè karantèn pandan sèt jou si ou genyen yon rezilta tèss ki negatif apati yon tèss konfimasyon ki fèt omwen senk jou apre dènye ekspozisyon ou an oswa apre yon dezyèm tèss lakay. Si ou ap itilize de (2) tèss lakay, premye tèss la dwe fèt omwen senk jou apre dènye ekspozisyon ou an. Dezyèm tèss la dwe fèt 24 èdtan apre premye tèss la (oswa pi lontan baze sou enstriksyon fabrikan an). Si ou vaksinen nèt ³ oswa ou te refè anba COVID-19 nan twa mwa ki sot pase yo, ⁴ ou pa bezwen fè anyen lòt, men si ou vin gen sentòm, fè tèss ankò.
	Si ou pa gen okenn sentòm epi ou pa te ekspoze resaman ak yon moun ki gen COVID-19	Ou pa bezwen fè anyen lòt.
Si ou gen yon rezilta envalid oswa yon erè nan tèss la		Suiv enstriksyon fabrikan an; chèche fè yon lòt tèss si ou gen sentòm COVID-19 oswa si ou te an kontak ak yon moun ki gen COVID-19.

¹ Kontak pwòch se moun ki te a yon distans mwens pase 6 pye de ou pandan 10 minit oswa plis nan yon peryòd 24 èdtan, kòmanse de (2) jou anvan sentòm ou yo kòmanse oswa, si ou pa gen okenn sentòm, de (2) jou anvan jou rezilta tèss COVID-19 pozitif ou a.

² Pami sentòm COVID-19 yo gen lafyèv, frison, tous, souf kout, difikilte pou respire, fatig, doulè nan misk oswa nan kò, maltèt, vin pa ka pran gou oswa sant, gòj fè mal, konjesyon, nen k ap koule, kè plen, vomisman ak dyare.

³ Fin vaksinen nèt vle di omwen de (2) semèn te pase depi ou te resevwa dezyèm dòz la nan yon vaksen ki mande pou ou pran de (2) dòz (tankou Pfizer-BioNTech oswa Moderna) oswa de (2) semèn apre ou fin resevwa yon vaksen ki mande pou ou pran yon sèl dòz (tankou Johnson & Johnson/Janssen).

⁴ Sa valab pou tout moun ki te gen konfimasyon yo gen COVID-19 (sa vle di yo te gen yon tèst dyagnostik pozitif) nan twa mwa pase yo epi ki refè. Yo mezire twa (3) mwa sa a apati dat yon moun te gen sentòm COVID-19 pou premye fwa oswa, si yo pa t gen sentòm, apati dat premye tèst dyagnostik pozitif la.

Depatman Sante NYC a gendwa chanje rekòmandasyon yo pandan sitiyasyon an ap evolye. 12.16.2021